Italie

# LU TAX ÑU SOXLA SAMAY AMPAREENTU BAARAAM AK SAMA NATAAL?

Xëtu F

## NIT YU ÑU DALAL CI LU DËDPPOO AK TËRËLINU AB RÉEW WALA AB TËRËLIN BUY DALAL NGIR FONK DOOMU ÀADAMA



WOLOF

## LU TAX MA JOT TÉERE BII?

nàngu woon nañu nga nekk ci benn réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin jaare ko ci ab tërëlinu dalal bu aju ci réew mi nga nekk wala ab tërëlinu dalal ngir fonk doomu àadama

Teere bi dafay joxe leeral yu gëna yaatu ci xibaar yi njiit yi di dugal ak ban diir lay am.

## LAN MOO TAX MA WARA JOXE SAMA NATAAL AK SAMA AMPAREENT BAARAAM?

Njiit yi ci réew mii dinañu jël sa ampareent baaraam ak sa nataal. Xibaar yii bu ñu leen boolee ak xibaar yi nekk ci sa dàntite ak yeneen xibaar yu am solo di na ñu leen yobb ci ab dencukaay bi Eurodac.

Eurodac dafay jokkale yenn xeeti nit yi yu cosaanoo wul ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ak seeniy ampareent baaram yi ñu dajale ak seeniy nataal.

31 Réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin yi mëna toppatoo say mbir ngir jël ci ay xibaar ñooy jëfandikoo dencukaay bi. Réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin lim nañu leen ci mujjantalu teere bi.

## YAN XIBAAR LAÑUY YOBB CI EURODAC?



Xibaar yii di ñëw ñu ngi leen denc ba leegi:

- say ampareent baaraam
- sa ab nataalu kanam
- bepp tur booy wuyoo jamono yii ak ci lu weesu
- bepp taarixu juddu boo mësa jëfandikoo ci jamono yii ak ci lu weesu
- sa barabu juddu
- askan wi nga bokk wala askan yi nga bokk
- goor wala jiigen
- ay sotti yu sa dàntite wala kayiti tukki yoo mësa jëfandikoo, buñu jàppandee, lu mel ni ay xibaar ci wàllu seen Wéraay
- Ràññeekaayu ligeeykat bi jël say ampareentu baaraam ak sa nataal ak taarix biñu jël xibaar yi yonnee nañu leen
- réew mi nga bindoo ngir am kaarange bitim réew
- taarix bi nga bindu ngir am kaarange bitim réew.

Xibaar yii di ñëw tamit dinañu leen dugal Eurodac bu ko laajee:

- Réew bi wara càmbar sa bindu
- Bu fekkee dañu la toxal, réew biñu la toxal bi bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin
- bu fekke nàngu wuñu sa bindu amuloo sañ-sañ ci des ci réew mi bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin
- bu fekkee ni sa bindu dañu ko jëlee woon ci tërëlinu foronceer ginaaw gi nàngu wuñu ko wala dañu jàpp ni sa bindu bi dañu ko dindi
- ay xibaar ci bepp wiisaa bu la ab réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin mësa jox
- ay xibaar ci bepp jamono boo mësee joge ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin
- xibaar yu jëm ci ndax dangaa mësa nàngu ci sa coobare ab digal ci dellu sa réew.

Am nga sañ-sañ ci jot ak joyyanti xibaar bu jaarul yoon bu nekk ci Eurodac ak sàkku ñu dindi say xibaar bu fekkee dañu leen jëfandikoo woon ci lu dëppoo wul ak yoon. Mën nga woo saytukatu xibaar yi ngir def loolu. Xibaari jokkoowukaay yu saytukatu xibaar yi mën nañu leen fekk ci teere bi ñu duppee "**Li nga wara xam ci Eurodac**".

## BA KAÑ LA SAMAY XIBAARI BOPP YI DI NEKK CI EURODAC?



Say xibaar dinañu leen denc ci diiru 5 at ñu sooga leen dindi ci saas yi.

Buñu la mayee kayit bu lay may nga bokk ci askanu benn réew bu bokk ci réew yhu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin laata diir bii di jeex, dinañu dindi sa xibaar yi. Buñu dindi wee sa xibaar yi, loolu du am benn jeexital ci sa tolluwaay ci réew mi nga amee kayit bu lay may nga bokk ci askan wi.

**Yaa ngi léegi ci Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d’Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

Bataaxal bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci bataaxal bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025